# РÆВДАУÆНДОНЫ ХЪОМЫЛГÆНДЖЫТЫ ’ХСÆН ХЪАЗТ-ВИКТОРИНÆ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ БÆРÆГБОНМÆ «ДЗУРÆМ ИРОНАУ»

**Амонæг:** - Алыбоны æгас цæут, нæ зынаргъ æмкусджытæ! Куыд зонут афтæмæй, абон мах бæрæг кæнæм ирон æвзаг æмæ литературæйы бон. Æвзаг у адæмы уд æмæ зонд, йæ кад, йæ сæрыстырдзинад. Махыл, рæвдауæндоны кусджытыл, вазыгджын хæстæ æвæрд ис кæстæр фæлтæры хъомыл кæныны хъуыддаджы. Бындуронæй ахъуыды кæнын æмбæлы махæй алкæмæндæр, цæмæй бахъахъхъæнæм нæ мадæлон æвзаг, нæ фыдæлты хæзнатæ, сæ традицитæ. Фæзминаг дæнцæгтыл æмæ фæлгонцтыл ахуыр кæнын рæзгæ фæлтæр – уый у нæ сæйраг куыст.

- Мах уарзæм нæ мадæлон æвзаг, æнæкъуылымпыйæ йыл дзурæм æмæ нæ фæнды, цæмæй нæ хъомылгæнинæгтæ дæр уарзой, дзурой æмæ ма рох кæной нæ рæсугъд æвзаг – нæ сæйрагдæр хæзна.

- Цæмæй нæ арæхстдзинад рæза æмæ парахат кæна – уымæн бирæ фæрæзтæ æмæ гæнæнтæ ис. Фæлæ абон мах бафæндыд спайда кæнын иу цымыдис мадзалæй. Уе ʼппæт дæр зонут, нæ телекомпани «Осетия-Ирыстон»-ы кæй ис ахæм хъазт «Дæ дзыхыл мА хæц», зæгъгæ. Уæвгæ, ныр æй схуыдтой «Зæгъ æй!», фæлæ йæ мидис, йæ хъапп уымæй нæ аивта. Йемæ, уыдоны фæзмгæйæ, мах дæр æрымысыдыстæм сымахимæ ахæм хъазт саразын. Цæудзæн викторинæйы хуызы дыууæ командæйы хсæн. Уыдзæн дзы цалдæр хæслæвæрды. Тæрхон та уын кæндзæн нæ хъуыддагзонаг жюри.

- Цæй, мауал фæстиаттæ кæнæм æмæ нæ хъазт райдайæм. Фæлæ уал фæдих ут æмæ нæ командæтæ сбæрæг уой.

- Ныр цæттæ стæм æмæ нæ бон у фыццаг хæслæвæрдмæ рахизын.

**1.** Æмæ фыццаг хæслæвæрд уыдзæн ахæм. Æз дзурдзынæн ирон дзырдтæ, кæцытæй мах кæнæ æппындæр нал пайда кæнæм, кæнæ та сæ стæм хатт фæзæгъæм. Сымах та хъуамæ зæгъат уыцы дзырдтæн сæ уырыссаг тæлмац. Алы командæйæн дæр уыдзæн йæхи дзырдтæ. Кæцы командæ фылдæр дзырдтæ базона – уый рамбылдта.

**Хъыбыллæ** – компас
**Уарт** – щит
**Хæрв** – чешуя
**Мæтых** – саранча
**Гуырыл** – ромашка
**Сакъадах** – остров
**Чырс** – иней
**Кæндыс** – белена
**Бæлæгъ** – лодка
**Хъæдабæ** – бархат

**Хъандзал** – пружина
**Тæгæл** – осколок, щепка
**Гуыффæ** – кузов
**Така** – шлем
**Ихфарк** – льдина
**Даричин** – гвоздика
**Сауфагæ** – гречиха
**Тæбын** – шерсть
**Хъуытаз** – колокольчик
**Дыгоппон** – удод

**2.** Рахыстыстæм дыккаг хæслæвæрдмæ. Æз уын æвдисдзынæн нымæцонтæ. Сымах мын сæ хъуамæ иронау зæгъат. Фыццаг бакастæй ацы хæслæвæрды зынæй ницы ис, фæлæ уыцы нымæцонтæй мах не᾽ рвылбоны царды иронау æппындæр нал пайда кæнæм. Уырыссагау зæгъын нын, бæгуыдæр, æнцондæр у. Фæлæ бафæлварæм нæхи.

**1 087 396**
**16 879 619**

**178 999 888**
**406 758**

**567 833**
**32 363 666**

**909 009 990 099**
**772 277 727 272**

**405, 08** **0, 301**

**902, 45** **34, 0406**

**5 – 4,5 =… (0,5)** **1000: (340 – 90) =… (4)**

**44 + 6,7 =… (50,7)** **44 * (100 : 50) =… (88)**

**100 003 030 300**

**202 222 022 220**

**3.** Ацы хæсыл дæр фæтых стæм. Ныр та – æртыккаг. Уый хуымæтæг нæ уыдзæн. Ныртæккæ уын равдисдзыстæм уе' ппæтæн зонгæ чи сты, уыцы кинонывтæй къанæг скъуыддзæгтæ. Сымахæн уæ хæс уыдзæн уыдонæн скæнын, уырыссагау «синхронный перевод» кæй хонынц, ахæм. Ома, æмрæстæджы актерты ныхас иронау тæлмац кæнындзыстут. Хуыздæр уыдзæн, æмæ сын сæ интонаци æмæ мимикæ дæр куы фæзмат, уæд. Уæ къордæй уæ равзарын хъæуы иу адæймаджы, кæцы уыдзæн тæлмацгæнæг. Афтæмæй, фыццаг командæйы скъуыддзаг.

**«Бриллиантовая рука»**

**«Иван Васильевич меняет профессию»**

**4.** Тынг хорз сарæхстытстут. Нæ иннæ хæслæвæрд та уыдзæн ахæм: æз дзурдзынæн дзырдты æмбарынгæнæнтæ. Сымах мын сæ хъуамæ зæгъат, цы дзырдтæ сты, уый. Зæгъæм: хохæй денджызмæ цы кæлы, уый цы у? *(цæугæдон)*

Адæймаг æмæ иуæу-иу сырдтæ бирæ кæй уарзынц, ахæм хойраг. ***(дзидза)***

Чи ныннæрст, ахæм гæккури. ***(кæфхъуындар)***

Рæстдзæвин уæвынæн фæрæз. ***(мысан)***

Æхцатæ бирæ кæм нæ фæстиат кæнынц, ахæм бынат. ***(чыссæ)***

Ныллæг бæлас, къудзи. Зайы йыл лыстæг бур гагадыргътæ. ***(кæркмисындзæг)***

Карчы цæмæй асайынц, ахæм айк. ***(рæвдуан)***

Уæрæх егъау фæзуатыл иу чысыл тынгдæр къуыпп чи дары, ахæм ран. ***(обау)***

Гуыбыны хардзыл кусæг, дзырды бар дæр кæмæ нæ хауы, ахæм. ***(цагъар)***

Бæласы саджил, дыууæ æнгуылдзы хсæн бынат. ***(саггом)***

Рæстæджы цыбыр скъуыддзаг, абарынц май æ цæстыфæныкъуылдимæ. ***(уысм)***

Лæмæгъ адæймаг, ахæмæй ма фæзæгъынц: «йæ уд цæуыл хæцы, уый бæрæг нæй. ***(тæнтъихæг)***

Цæугæдоны бын чи ныббады, уыцы буаргъæд. ***(лами)***

Тугдзых сырдты дæндæгтæ. ***(ссыр, ссыртæ)***

Гутоны ҆рвад ***(похци)***

**5.** Ауыл дæр та фæтых стæм æмæ цæуæм дарддæр. Нæ иннæ хæслæвæрды мидис у ахæм: лæвæрд дамгъæтæй уæ хъæудзæн саразын дзырдтæ – цас фылдæр, уыйас хуыздæр. Кæд, мийййаг, иу дзырды хъæуа дыууæ хатты спайда кæнын иу дамгъæйæ, уæд уын уыцы бар дæр ис. Фæлæ æрмæстдæр дыууæ хатты. Хæслæвæрд сæххæст кæнынмæ уын лæвæрд цæуы дыууæ минуты. Фылдæр дзырдтæ чи æрхъуыды кæна, уыцы къорд рамбылдта. Цæттæ стут? Байдыдтам!

*Дамгъæтæ:* **А, Æ, Б, В, Д, Е, И, К, Л, М, Н, О, П, Р, С, Т, У, Ф, Х, Ы**

**6.** Нæ иннæ хæслæвæрдыл, мæнмæ гæсгæ, æнцонтæй фæтых уыдзыстут. Цы хъæудзæн бакæнын: алы командайæн дæр раттдзыстæм байхъусынмæ скъуыддзаг нæ хъуыстгонд зарæггæнджыты кæцыдæр зарджытæй. Сымах та хъуамæ базонат зарæг чи зары æмæ йын зæгъат йæ ном. Зынæй дзы ницы ис, мæнмæ гæсгæ.

| | |
|---|---|
| **1. Бæцæзаты Юрий** | **1. Хъуылаты Елхъан** |
| **2. Дауыраты Эдуард** | **2. Суанты Ким** |
| **3. Белаонты Долорес** | **3. Медойты Светланæ** |

**7.** Ныртæккæ та уыдзæн мæ уарзон хæслæвæрд – пантомима. Æз уæм дæттдзынæн цавæрдæр дзырдтæ гæххæттыл фыстæй. Командæйæ иу адæймаг иннæ командйы иу уæнгæн хъуамæ уыцы дзырд бамбарын кæна буары змæлдæй, мимикæйæ, кæнæ æндæр цавæрдæр фæрæзтæй. Сæйрагдæр у уый, æмæ дзурæн нæй. Иу сыпп дæр нæ! Стæй къорды иннæ уæнгтæн дæр се᾿мбалæн æххуысы бар нæй, хъуамæ дзырд йæхæдæг базона. Фæтк чи фехала, уыдоны жюри бафхæрдзæн иварон бæрæггæнæнæй (штрафные баллы).

| | | |
|---|---|---|
| **Фыййау** | **Уæрдон** | **Хæлуарæджы тын** |
| **Уæрыкк** | **Куыдз** | **Гутон** |
| **Кæрдо** | **Цæугæдон** | **Æртах** |
| **Цыхцырæг** | **Цæхæраджын** | **Фаззон** |
| **Æртæх** | **Бæлас** | **Хърихъупп** |
| **Авг** | **Абана** | **Гуыбындзæл** |
| **Тæргайгæнаг** | **Гогыз** | **Сгуы** |
| **Цад** | **Арвæрдын** | **Дзыкка** |
| **Цæхæрадон** | **Дзынга** | **Актрисæ** |

**8.** Тындзæм размæ æмæ та мæнæ нæ радон хæс. Куыд зонæм, афтæмæй иуæй-иу дзырдтæн вæййы дыууæ нысаниуæджы – комкоммæ æмæ ахæсгæ. Сымах ныртæккæ хъæудзæн лæвæрд дзырдтимæ æрхъуыды кæнын дыууæ хъуыдыйады. Сæ иуы уыцы дзырд хъуамæ уа йæ комкоммæ нысаниуæджы, иннæйы та – йæ ахæсгæйы. Зæгъæм, дзырд «сыгъзæрин».

*Нана мын балхæдта сыгъзæрин къухдарæн.* – комкоммæ нысаниуæг

*Ралæууыд сыгъзæрин фæззæг.* – ахæсгæ нысаниуæг

| | |
|---|---|
| **Сæр** | **Уазал** |
| **Фæлмæн** | **Галиу** |
| **Æфсæст** | **Сау** |

**9.** Æрхæццæ стæм нæ фæстаг хæслæвæрдмæ. Æмæ та ногæй – тæлмац. Фæлæ та хуымæтæджы нæ. Хъæудзæн уæ ратæлмац кæнын хъуыдыйад уырыссаг æвзагæй иронмæ. Фæлæ уæ тæлмацы алы дзырд дæр хъуамæ байдайæ уыцы иу дамгъæйæ. Æмбæрсгонд у? Уæдæ райдыдтам æмæ мæнæ фыццаг хъуыдыйад.

**Дедушка днем сидит на стуле под вишневым деревом.**

***Баба боныгон бады бандоныл бал бæласы бын.***

**В обед олень тихонько поднялся к пастбищу.**

***Сихорыл саг сабыргай сæрвæтмæ схызт.***

**Океан с обеда до полуночи извергал пену.**

***Фурдæй фынк фæкалд фæссихорæй фæсæмбисæхсæвмæ.***

**По радио заранее передали старый рассказ.**

***Радиойæ рагацау радзырдтой рагон радзырд.***

**Амонæг:** - Нæ хæслæвæрдтæ фесты. Æнтысджынæй сыл фæтых стут, фæлæ къордтæй кæцы фæуæлахиз и, уый та нын нæ тæрхонгæнæг хъуамæ зæгъа. Табуафси! *(тæрхонгæнæг хатдзæгтæ хæссы)*

- Зынаргъ æмбæлттæ, нæ фембæлд кæронмæ æрхæццæ. Мæн фидарæй уырны, æмæ нын дзæгъæлы кæй нæ уыди. Фæнды мæ, цæмæй уæм райхæла цымыдис æмæ уæ бафæнда ноджы фылдæр зонын ирон æвзаджы сусæгдзинæдты тыххæй æмæ ноджы фылдæр дзурын æмæ кæсын иронау! Хæрзбон, нæ иннæ фембæлдмæ!